

# Angajman pou n bay swen an tout sekirite

## Nou fè depistaj pou n pwoteje w, pwoteje fanmi w ak anplwaye nou yo

- Nou fè depistaj sentòm toulejou pou tout anplwaye yo. Kèlkeswa moun ki gen sentòm ki montre li posib ke li gen sentòm maladi respiratwa, nou p ap pèmèt li vin travay toutotan li pa refè.
- Nou fè depistaj sentòm pou vizitè yo. Nou entèdi kèlkeswa vizitè ki gen sentòm pou yo antre nan lopital nou yo.
- Nou fè tès ak depistaj pou COVID-19 pou pasyan yo.
  - Nou fè tès COVID-19 pou pasyan ki entène yo anvan menm nou admèt yo, epi apres a nou fè depistaj pou sentòm yo chak jou yo pase nan lopital la.
  - Nou fè depistaj pou sentòm pou pasyan ki vini pou randevou konsiltasyon yo anvan menm yo vini pou konsiltasyon yo epi lè yo vini, nou fè l ankò. Si pasyan yo gen sentòm, nou trete yo pandan yon sesyon vizit vityèl sou entènèt oswa nan seksyon ki rezève kote nou itilize ekipman pwoteksyon endividyèl (personal protective equipment, PPE) selon rekòmandasyon Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control) bay pou anpeche viris COVID-19 la pwopaje.

## Nou netwaye men nou epi nou netwaye tout kote nou pase, epi nou ba w mwayen pou fè sa tou fasilman

- Nou ogmante kantite fwa nou netwaye ak entansite netwayaj yo tout kote nou manyen anpil yo, toupatou nan etablisman an.
- Nou egzije pou moun netwaye men yo souvan epi nou ajoute estasyon ki gen dezenfektan pou men, konsa pasyan ak anplwaye yo ka netwaye men yo fasilman epi souvan.

## Nou pwoteje tout moun ki nan etablisman nou yo

- Nou egzije pou tout moun nan etablisman an—anplwaye, pasyan ak vizitè yo—pou yo mete yon mask.
- Nou re-òganize espas yo pou n fasilite distans sosyal ak anpeche moun transmèt enfeksyon; pou n te fè sa, nou wete chèz yo nan saldatant yo, epi nou mete baryè pleksiglas nan zòn moun konn itilize anpil yo.
- Nou limite kantite vizitè ki vin nan lopital la ak nan klinik yo.